

# KOMINIKE POU LAPRÈS



## POU YO KOMINIKE TOUSWIT

Kontak: Shaun Gayle

Asistan Direktè Vil la/Pòtpawòl Vil la

Vil Miramar

954-495-3644

[sdgayle@miramarfl.gov](mailto:sdgayle@miramarfl.gov)

## YON SIT PÈMANAN VAKSEN KOVID-19 LOUVRI NAN VIZCAYA PARK NAN MIRAMAR

*Y ap bay vaksen Pfizer-BioNTech la a moun ki gen laj 50 an oswa plis*

**MIRAMAR, FL** (mèkredi 24 mas 2021) - Jodi a, Majistra Miramar la, Wayne Messam anonse ke gen yon patenarya avèk Divizyon Jesyon Ijans Florid (FDEM) sou ouvèti yon sit vaksinasyon pèmanan KOVID-19 ki dwe chita nan Vizcaya Park nan Miramar. Sit sa a ke moun ap mache pou vini ladan l lan, li pral bay kominote a aksè a vaksen Pfizer-BioNTech la epi y ap bay ni premye ni dezyèm dòz vaksen KOVID-19 la nan sit la.

**Yo envite medya yo pou yo vin patisipe nan yon Konferans pou Laprès nan jedi 25 mas 2021 a 4:00 pm nan Vizcaya Park ki chita nan 14200 SW 55<sup>th</sup> Street, Miramar, FL 33027.**

Sit sa a ke leta ap jere, ke yo pral rele Miramar Health Equity Site (Sit Sante Ekitab nan Miramar), l ap louvri pou piblik la vandredi 26 mas 2021 epi l ap rete louvri 7 jou pa semèn soti 9:00 am pou rive 5:00 pm oswa jiskaske rezèv vaksen yo fini. Y ap bay yon total 200 vaksen pa jou sou baz moun ki vini an premye a, se limenm y ap sèvi an premye. Ou pa bezwen pran randevou.

Pou yon moun kapab admisib, fòk li gen 50 an oswa pi plis, fòk li prezante prèv ke li abite nan Florid, pa egzanp yon kat idantite oswa yon pèmi kondui Florid ki valid epi li dwe ranpli kondisyon ki tabli nan direktiv eta a yo ke nou kapab gade sou [www.floridahealthcovid19.gov/vaccines/](http://www.floridahealthcovid19.gov/vaccines/). Moun ki poko gen 50 an yo epi yon doktè konsidere yo kòm “vilnerab anpil anpil” a KOVID-19 la, yomenm tou yo kapab resevwa vaksen an. Moun ke yo konsidere kòm vilnerab anpil anpil yo, fòk yo prezante fòmilè Depatman Sante Florid la lè yo rive nan sit la. Fòmilè sa a disponib [isit la](#).

Majistra Wayne Messam te deklare, “Nou kontan dèske Eta a deside louvri sit pèmanan sa a nan kè Miramar. Rezidan nou yo ap benefisye anpil de sit sa a espesyalman paske yo pa bezwen pran randevou. Kounye a, vaksen yo pral pi aksesib a moun ki vle pran premye oswa dezyèm dòz yo . Nou espere ke sa pral evantyèlman fè nou retounen nan yon santiman nòmalite apre yon ane pandemi difisil.”

Pou dènye enfòmasyon sou distribisyon vaksen an ak dènye nouvèl ki anrapò ak KOVID-19 , tanpri vizite [www.MiramarFL.gov/Vaccine](http://www.MiramarFL.gov/Vaccine).

###